# Certification of Translation Accuracy

Translation of **Custody Agreement** from **English** to **Creole**

As an authorized representative of RushTranslate, a professional translation services agency, I hereby certify that the above-mentioned document has been translated by an experienced, qualified and competent professional translator, fluent in the above-mentioned language pair and that, in my best judgment, the translated text truly reflects the content, meaning, and style of the original text and constitutes in every respect a complete and accurate translation of the original document. This document has not been translated for a family member, friend, or business associate.

This is to certify the correctness of the translation only. I do not make any claims or guarantees about the authenticity or content of the original document. Further, RushTranslate assumes no liability for the way in which the translation is used by the customer or any third party, including end-users of the translation.

A copy of the translation is attached to this certification.

Mike Bortscheller
Authorized Representative
Order Date: May 25, 2023

RushTranslate
640 South Fourth St
Suite 300
Louisville, KY 40202
United States

Depatman sèvis Travay Ak Fanmi nan Ohio

# AKÒ GAD TANPORÈ POU TIMOUN

## PATI 1: AKÒ GAD TANPORÈ POU TIMOUN

Nimewo Dosye

Paran/Responsab/Gadyen

(non konplè paran/responsab/gadyen) (non timoun nan) (Dat Nesans)

ap viv nan ______________________________ , gen otorite pou siyen akò sa a pou

(Adrès Riyèl, Vil, Eta)

gad tanporè. Relasyon mwen ak timoun ki mansyone pi wo a se ____________________ . Objektif siyati

(wòl gad)

mwen an se pou mande **Choosing Hope Adoptions** pran gad tanporè ak kontwòl sou timoun ki endike anwo a

(non ajans lan)

pou plasman ak planifikasyon sèvis sipò pou rezon sa yo: ______________________________

______________________________

AN TAN KE PARAN/RESPONSAB/GARDEN AN. MWEN DAKÒ AK SA Yo:

1 Ou dwe responsab finansyèman pou sipò ak swen sante sa yo pandan peryòd akò sa a ______________

______________________________

2. Bay timoun nan vizit nan jan sa a ______________________________ _

______________________________

3 Notifye Ajans la nan 24 èdtan sou nenpòt chanjman nan adrès oswa nimewo telefòn

AJANS LA DAKÒ POU: 1) Pran swen timoun yo nan yon anviwònman ranplasan ki apwouve epi sipèvize timoun nan 2) Bay yon plan pou vizit ant paran/responsab/gadyen an ak timoun nan, ki konsistan avèk pi bon enterè timoun nan. 3) Enfòme paran/responsab/gadyen an alekri sou entansyon li pou mete fen nan akò sa a.

AJANS LA PRAL: 1) Fè aranjman ak konsantman pou tout sèvis medikal ki nesesè pou timoun nan. Y ap enfòme paran yo sou tout swen medikal yo bay pandan akò sa a. Nan sitiyasyon ijans ajans lan ap fè aranjman pou swen medikal epi avèti paran an (yo) pi vit posib 2) Fè aranjman pou edikasyon timoun ki gen laj lekòl yo. 3) Rasanble nenpòt enfòmasyon edikatif sikolojik, sikyatrik ak sosyal ki nesesè 4) Bay pèmisyon pou timoun nan vwayaje andedan oswa andeyò Eta Ohio jan sa nesesè pou vakans, lekòl, legliz ak lòt evènman nan pi bon enterè timoun nan.

PUBLIKASYON ENFÒMASYON: Ajans la dakò ke enfòmasyon konsènan akò volontè sa a ak enfòmasyon yo jwenn sou timoun nan ak fanmi yo pral divilge sèlman lè yo jije li nesesè epi nan pi bon enterè oswa sante, edikasyon ak byennèt timoun nan.

PERYÒD AKÒ: Akò sa a ap antre an vigè apati ____________________ jiska ______________ epi yo ka revoke sou yon avi rekòmande twa jou nan men paran/responsab/gadyen an oswa Ajans la. Si li nesesè pou timoun nan rete nan gad la pi lontan pase peryòd akò ki anwo a, ajans la ak paran/responsab/gadyen an ap chèche apwobasyon paran/responsab/gadyen nan tribinal pou timoun pou yon ekstansyon akò gad tanporè a. Si Ajans la santi gad kontinyèl la nesesè, malgre paran/responsab/gadyen an pa dakò, Ajans la ka depoze yon petisyon nan tribinal pou timoun pou mande tribinal la gad la.

Mwen menm, paran/responsab/gadyen an, otorize Ajans la pou pran gad tanporè timoun nan. Siyati akò sa a pa vle di nan okenn fason m ap remèt gad pèmanan timoun sa a: ni ajans lan pa kapab transfere gad la bay okenn lòt moun. Mwen te li akò sa a oswa yo te li pou mwen anvan mwen te siyen li. Yo te bay mwen opòtinite pou m poze kesyon konsènan akò sa a epi yo te reponn totalman kesyon sa yo ak satisfaksyon mwen. Mwen konprann, otorize, e mwen dakò ak kondisyon ki nan akò sa a. Mwen siyen akò sa a volontèman.

| Temwen | Dat | Siyati Paran/Responsab/Gadyen | Dat |
|---|---|---|---|
| | | | |

| Temwen | Dat | Siyati Paran/Responsab/Gadyen | Dat |
|---|---|---|---|

Mwen menm, reprezantan Ajans la ki otorize dapre Seksyon 5103.03 ak 5103.15 Kòd Revize Ohio pou aksepte gad tanporè timoun yo, mwen aksepte gad tanporè timoun ki endike anwo a dapre kondisyon akò sa a.

| Temwen | Dat | Siyati Reprezantan Ajans Otorize a | Dat |
|---|---|---|---|